

BAB VI

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

6.1 Kacindekan

Udagan ieu panalungtikan téh pikeun medar ngeunaan “Léksikon Kawanojaan dina Novel Sunda” anu dianalisis maké uilikan struktural jeung sémantik. Hasilna bisa dicindekkeun jadi tilu hal, nyaéta warna léksikon, wanda léksikon, jeung harti léksikal kawanojaanna.

Léksikon kawanojaan dina novel Sunda kapanggih aya 110 léksikon, anu dipasing-pasing dumasar kana warna jeung wandana. Warna léksikon nyoko kana 3 hal, nyaéta léksikon barang (86 léksikon), léksikon pagawéan (17 léksikon), jeung léksikon sipat (7 léksikon). Ari wanda léksikon nyoko kana lima hal, nyaéta kaayaan awak (18 léksikon), watek (2 léksikon), rarangkén atawa properti wanoja (34 léksikon), paripolah (23 léksikon), jeung pancakaki (33 léksikon).

Kahiji, kapanggih 110 léksikon anu nyoko kana tilu warna, nyaéta léksikon barang, léksikon pagawéan, jeung léksikon sipat. Warna léksikon anu panglobana kagolong kana léksikon kawanojaan barang nyaéta aya 86 data. Lantaran ari dina ngawangun carita dibutuhkeun kekecapan anu rinéka pikeun ngadéskepkeun carita, anu sacara umum biasana kagolong kana kecap barang, saperti dina nuduhkeun ngaran, panggentra, sasatoan, tutuwuhan, konsép, jsb. Ari anu pangsaeutikna, kagolong kana léksikon kawanojaan sipat, ngan 7 data jeung sésana 17 data kagolong kana léksikon kawanojaan pagawéan. Kawilang saeutik dibandingkeun jeung léksikon kawanojaan barang. Lantaran ari léksikon sipat jeung pagawéan biasana nuduhkeun paripolah, kalakukuan, kaayaan, jeung prosés barang, hartina yén léksikon kawanojaan sipat jeung barang téh digunakeun minangka panglengkep léksikon barang nalika dibutuhkeun, utamana pikeun ngamunculkeun atawa némbongkeun karakter tokoh dina wengkuan carita. Salian ti kitu, réana léksikon barang anu muncul jadi ciri yén idéntitas wanoja leuwih réa dirépréséntasikeun ti batan déskripsi fisik jeung aktivitasna.

Kadua, wanda léksikon kawanojaan nyoko kana lima wanda, nyaéta léksikon kaayaan awak, léksikon watek, léksikon properti, léksikon paripolah, jeung

léksikon pancakaki. Ari anu réana muncul téh dina wanda léksikon nu nuduhkeun properti wanoja aya 4 data, anu réréana nuduhkeun pakéan jeung pakakas kageulisan wanoja. Ieu hal nuduhkeun yén wanoja téh papaés dunya, anu sacara kultural wanoja téh leuwih punjul jeung pamér dina masalah ngahadéan rupa. Salian ti properti anu napel dina awak, properti anu pangréana muncul ogé properti sosial anu nuduhkeun kapangkatan, saperti ayana léksikon *endén* anu nuduhkeun status sosial wanoja anu mutabar di masarakat. Ari anu nuduhkeun pancakaki aya 33 data, kawilang réa muncul saperti kecap *ema*, nuduhkeun yén kahirupan wanoja sacara psikologis kabeungkeut ku kulawarga, boh saméméh rumah tangga boh sabada rumah tangga.

Ari léksikon kawanojaan paripolah aya 23 data jeung kaayaan awak aya 18 data, nuduhkeun yén dina ieu novel leuwih museur kana ngawangun citra wanoja anu pakuat-pakait jeung karakter lahiriah ogé réalitas kahirupan. Ari léksikon kawanojaan nu nuduhkeun watek jadi nu pangsaeutikna muncul lantaran sipat batin wanoja hésé didésripsikeun dina wangun léksikon tunggal, leuwih jero tur ngeuna saupama dina wangun narasi. Ku kituna, réa saeutikna warna jeung wanda léksikon kawanojaan téh némbongkeun yén répréséntasi wanoja dina wangun léksikon leuwih fokus kana aspék visual, rélasional, jeung sosialna ti batan aspék psikologis jeung internalna.

Katilu, harti léksikal kawanojaan nyoko kana léksikon anu saharti jeung sawanda bisa dipasing-pasing jadi 24 gundukan kecap. Dina léksikon kawanojaan aya parobahan harti, boh sacara léksikal boh sacara asosiatif, anu ngagambarkeun yén pihak wanoja téh jadi pihak nu pasif jeung dijadikeun objék dina struktur sosial masarakat anu patriarki. Parobahan harti léksikal ilaharna ngaliwatan prosés morfologis ngararangkénan, utamana rarangkén *di-* anu masifkeun pagawéan sarta wanoja jadi pangrandapna, saperti léksikon *dicandung*, *diperkosa*, jst. Ari parobahan harti sacara asosiatif nuduhkeun ayana variasi ajén rasa atawa émotif dina léksikon kawanojaan anu ngandung harti kasar, loma, atawa lemes, sok sanajan nuduhkeun konsép anu sarua, saperti runtuyan léksikon *bayur* → *WTS* atawa *reuneuh* → *kakandangan*. Ieu hal nuduhkeun yén léksikon kawanojaan téh lain ngan saukur ngalaman parobahan harti wungkul, tapi ogé ngandung idéologi

jeung konstruksi sosial anu kadang ngarugikeun wanoja, boh dina tataran harti boh dina peran sosialna di masarakat.

6.2 Implikasi

Unggal panalungtikan anu dilaksanakeun tangtu boga kaonjoyan jeung kahéngkérana, kitu ogé dina ieu panalungtikan. Dumasar kana hasil analisis, pedaran, jeung kacindekan panalungtikan katitén yén implikasi dina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngadeudeulan jeung méré sumbangan pagaweruh ngeunaan kandaga kecap dina basa Sunda anu patali jeung kawanojaan ogé ma'na anu dikandungna. Salian ti kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun nambahan pangaweruh dina widang léksikologi jeung élmu basa, sarta jadi réferénsi pikeun panalungtikan satuluyna anu rélevan jeung ieu panalungtikan.

Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa dijadikeun implikasi, boh di sakola dina ngajarkeun basa Sunda boh di pamaréntahan, boh pamaréntah pusat boh pamaréntah daérah hususna dina nyieun kawijakan dina widang ngamumulé basa Sunda. Kitu ogé pikeun masarakat anu maca ieu panalungtikan, dipiharep bisa dijadikeun pangdeudeul pangaweruh dina ngagunakeun basa Sunda hususna kandaga kecap anu kawatesanan ku stigma género saperti dina ieu panalungtikan.

6.3 Rékoméndasi

Minangka lajuning laku tina hasil ieu panalungtikan, aya genep rékoméndasi anu bisa dijadikeun tinimbangan ka hareupna.

- 1) Pikeun guru di sakola, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar dina ngajarkeun kandaga kecap ka siswa sangkan méré gambaran varéasi léksikon kawanojaan dina basa Sunda.
- 2) Pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan bisa dijadikeun tatapakan pikeun panalungtikan satuluyna yén kandaga kecap ngeunaan kawanojaan téh réa pisan teu kawatesanan dina karya sastra wungkul. Léksikon kawanojaan leuwih réa nyampak saupama disarungsum tina data kamus anu dilengkepan ogé ku data lapangan anu bisa dijadikeun panalungtikan anyar.

- 3) Pikeun panalungtik satuluyna, saupama sumber datana disarungsum tina karya sastra deui, leuwih hadé ditangtukeun ogé dumasar kana kualifikasi périodisasi sastrana, sangkankan leuwih rélévan, valid, tur leuwih kuat ngarépréséntasikeun sumber datana.
- 4) Kandaga kecap dina basa Sunda téh ngawujud dina kategori basa hormat, basa loma, jeung basa kasar. Ku kituna, papasingan kandaga kecap dumasar kana génder bisa ditalungtik luyu jeung papasingan nu leuwih spésifik dina panalungtikan satuluyna.
- 5) Pikeun paélmuan linguistik, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun pangdeudeul atawa rujukan dina ngamekarkeun paélmuan léksikologi jeung sémantik anu ngandung idéologi génder.
- 6) Pikeun pamaréntah, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun pangdeudeul dina nyieun kawijakan ngamekarkeun ogé ngamumulé basa Sunda.